**दिन–रविवार** **दिनांक–02.02.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी केन्द्रीय बजट के देशक प्रगति के लेल परिवर्तनकारी जनौलनि अछि। ओ कहलनि जे विकसित भारतक यात्रा के गति देबा मे ई महत्वपूर्ण भूमिका निबाहत। श्री मोदी कहलनि जे ई बजट एआई, खिलौना उत्पाद, कृषि, फुटवियर, खाद्य प्रसंस्करण आ गिग अर्थव्यवस्था सहित कतेको क्षेत्र मे नवाचार, उद्यमिता तथा सतत विकासक मार्ग प्रशस्त करत। प्रधानमंत्री कहलनि जे ई बजट एक सय चालीस करोड़ भारतीय सभक आकांक्षा के पूरा करबाक लेल सरकारक प्रतिबद्धता के दर्शऽबैत अछि। ओ कहलनि जे बजट देश मे बचत, निवेश, खपत आ विकास के बढ़ाओत। प्रधानमंत्री कहलनि जे एहि बजट सँ कृषि क्षेत्र सशक्त होयत।

---

वित्तमंत्री निर्मला सीतारामन कहलनि अछि जे केन्द्रीय बजट कृषि, ग्रामीण समृद्धि आ शहरी विकास पर केन्द्रीत अछि आ एहि मे निरंतर सुधार पर जोर देल गेल अछि। नव दिल्ली मे संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत वित्तमंत्री कहलनि जे बजट मे विकसित भारतक दिशा मे आगाँ बढ़बाक लेल कतेको प्रावधान कयल गेल अछि। ओ कहलनि जे बजट मे स्वास्थ्य आ शिक्षा के हित के प्राथमिकता देल गेल अछि।

---

केन्द्रीय बजट के विभिन्न क्षेत्र सभ सँ सकारात्मक प्रतिक्रिया भेटि रहल अछि। व्यापारी, उद्योग विशेषज्ञ, अर्थशास्त्री आ आम जनता मध्यम वर्ग के आयकर मे रहत देबाक, नवाचार आ कौशल विकास के प्रोत्साहित करबाक, सरकारक प्रस्ताव के सराहना कयलनि अछि। भारतीय स्टेट बैंक के चेयरमैन सी.एस. सेट्टी कहलनि जे बजट भारत के एक नवाचार आ ज्ञान केन्द्रीत अर्थव्यवस्था के रूप मे स्थापित कयलक अछि। ओतहि, आकाशवाणी समाचार सँ विशेष गपशप करैत भारतीय वाणिज्य आ उद्योग महासंघ– फिक्की के अध्यक्ष हर्षवर्धन अग्रवाल कहलनि जे बजट प्रस्ताव सँ मध्यम वर्ग के राहत भेटत आ सभ क्षेत्र मे मांग मे सुधार भेला सँ निजी क्षेत्रक निवेश योजना सभ के प्रोत्साहन भेटत।

———————————————————————

केन्द्रीय बजट मे बिहारक लेल सेहो कतेको महत्वपूर्ण प्रावधान कयल गेल अछि। राज्य मे मखाना बोर्ड के गठन, आईआईटी पटना मे आधारभूत सुविधा सभक विस्तार आ पटना तथा बिहटा मे एयरपोर्टक विस्तार सहित आनो योजना सभक उपहार देल गेल अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि अछि जे बजट मे बिहारक लेल जे घोषण कयल गेल अछि। ओहि सँ राज्य तेजी सँ विकास करत।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार प्रगति यात्राक चारिम चरण मे आइ बांका मे तीन सय तिरसठि करोड़ टाका के लागतिबला एक सय सत्तरि सँ बेसी योजना सभक उद्घाटन आ शिलान्यास कयलनि। एहि दरमियान मुख्यमंत्री रजौन प्रखंडक नवादा–खरौनी पंचायत स्थित प्रदेशक पहिल स्मार्ट गाम बाबरचक के उपहार जिलावासी लोकनि के देलनि। एहि गाम मे हरेक घर धरि पक्का सड़क आ नाली सभ घर मे नलक जल सँ जलापूर्ति, हरके घर मे बिजली के स्मार्ट मीटर आ एकीकृत दस किलोवाट सोलर पैनल सँ सभ गली मे लाईटक सुविधा उपलब्ध कराओल गेल अछि। एकर संगहि गाम मे आदर्श आँगनबाड़ी केन्द्र, प्राथमिक विद्यालय सामुदायिक शौचालय, सीढ़ीनुमा पोखरी आ ग्रामीण हाटक अलावे खेलक मैदान के सेहो निर्माण कराओल गेल अछि। मुख्यमंत्री उच्च अधिकारी लोकनि संग समीक्षात्मक बैसक सेहो कयलनि। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ संसदीय कार्यमंत्री विजय कुमार चौधरी सहित कतेको गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह।

———————————————————————

स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय कहलनि अछि जे आयुष्मान भारत डिजिटल हेल्थ मिशन मे बिहार उत्तम प्रदर्शन कयलक अछि। श्री पांडेय आइ पटना मे आयोजित आयुष्मान भारत डिजिटल मिशन बिहार कॉन्क्लेव के संबोधित करैत ई बात कहलनि। ओ कहलनि जे राज्य मे चारि करोड़ तीस लाख आयुष्मान भारत हेल्थ आकाउंट बनि चुकल अछि। स्वास्थ्य मंत्री कहलनि जे बिहार आयुष्मान कार्ड बनाबऽबला शीर्ष राज्य मे सम्मिलित भऽ गेल अछि।

———————————————————————

पछिला चौबीस घंटा के अंतर्गत मौसम शुष्क बनल रहत। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार आइ मोतिहारी मे सभ सँ कम न्यूनतम तापमान नओ डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल। विभाग अगिला चौबीस घंटा मे मधुबनी, मधेपुरा, सुपौल, पूर्णियां आ किशनगंज के किछु स्थान पर घनगर कुहेस लागल रहबाक संभावना जनौलक अछि। मौसम

विज्ञान केन्द्र पटनाक वैज्ञानिक जनौलनि अछि जे पश्चिमी विक्षोभ के कारण अगिला तीन–चारि दिनक बाद राज्यक तापमान मे कमी आबि सकैत अछि।

——————————————————————

पूर्व रेल मंत्री आ मिथिला विभूति स्वर्गीय ललित नाराण मिश्र के एक सय तीनम जयंती समारोह आइ चेतना समिति पटना के दिस सँ विद्यापति भवन मे आ हुनक शहदत स्थल  समस्तीपुर रेलवे स्टेशन पर मनाओल जा रहल अछि। एहि अवसर पर वक्ता लोकनि हुनका स्मरण कयलनि आ हुनक चित्र पर माल्यार्पण कऽ श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

——————————————————————

अररिया जिला मे सघन वाहन जांचक दरमियान पुलिस जुर्मानाक रूप मे एक लाख टाका सँ बेसी के राशि असूललक अछि। ओतहि दोसर दिस जिला मे भारत–नेपाल सीमा क्षेत्र सँ पुलिस दू किलो गांजा आ शराबक संग नओ अपराधी के गिरफ्तार कयलक अछि।

——————————————————————

समाप्त